# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# परमेश्वर क शक्तिशाली पुरुष, शिमशोन


लेखकः Edward Hughes
ब्याख्याकरः Janie Forest; Alastair Paterson
अनुकूलितः Lyn Doerksen
अनुवादकः सुरेश मसीह
उत्पादितः Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada



©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।




बहुत समय पहिले, मानोह नाम क एगो आदमी इस्राएल देश में रहत रहलन। उनकर कवनो संतान ना रहल। एक दिन यहोवा क दूत मानोह की पत्नी के दर्शन दिहलन। उ कहलन, "तोहार एगो बहुत ही ख़ूबसूरत खास बेटा होइ।"



उ अपनी पति के इ अद्भुत सन्देश के बतवली। मानोह प्रार्थना कइलन ... हे परमेश्वर फिर से हमरी पास आवअ, हम अपनी लइका की खातिर का करीं, "हमके सिखावअ।"



3



स्वर्गदूत मानोह के बतवलन, लइका क कभी बाल मत कटवइहअ, कभी भी मदिरा पान मत करे दीहअ, अउर कुछ बर्जित खाद्य पदार्थ के कभी भी खाए मत दी हअ; परमेश्वर इ लइका के एगो न्यायी होखे खातिर चुनले बाड़न। उ इस्राएल क नेतृत्व करिहान।



4



परमेश्वर की लोगन के निश्चित रूप से मदद क जरूरत रहल। उ परमेश्वर के अपनी जीवन से बाहर निकाल चुकल रहलें, अउर अपनी दुश्मन पलिश्तियन, से तंग आ चुकल रहलें। लेकिन जब उ प्रार्थना कइलें परमेश्वर उनकर सुन लीहलें। उ ए दुनिया में ए लइका के भेजलें जेवन सबसे ताकतवर आदमी होखे वाला रहल।

5

"एगो स्त्री एगो लइका के जन्म दिहलस अउर ओकर नाम शिमशोन रखल गोइल; लइका बड़ भइल, अउर यहोवा ओ के आशीष दिहलन। प्रभु क आत्मा ओ पर स्थानांतरित होखे शुरू हो गइल, अब शिमशोन बहुत शक्तिशाली हो गइलन। एक दिन उ अपनी निहत्थे, हाथन से एगो जवान सिंह से लड़लन - अउर ओ के मार डललन!



6



आगे चलके, शिमशोन शेर की मृत शरीर में से मधुमक्खियन क लगावल छत्ता में से शहद क स्वाद चिखलन। उ एगो पहेली बनवलनः "खाए वाला में से खाना अउर बलवंत में से कुछ मीठा बस्तु निकलल।"

7



लेकिन केहु भी एकर अर्थ ना समझल, पर शिमशोन क नवकी मेहरारू - अपनी एगो पलिश्ती दोस्त के बता दिहलस,ए बात से शिमशोन बहुत नाराज भइलन।

8

शिमशोन अउर भी अधिक क्रोधित भइलन जब पलिश्ती मिलके उनकर होखे वाली पत्नी के उनकरी प्रिय दोस्त क पत्नी होखे खातिर दे दिहलें। उ बदला लेबे क योजना बनवलन। लेकिन कईसे? सबसे पहिले, शिमशोन 300 लोमड़ी के पकड़लन, फिर दू दू गो रके एक साथ उन सब की पूंछन के बांध दिहलन अउर ओ में मशाल जला दिहलन।



9

फिर शिमशोन लोमड़ियन के पलिश्तियन की 'अनाज की खेतन में छोड़ दिहलन!



10

अब पलिश्ती लोग बदला लेबे चाहत रहलें। शिमशोन के पकड़ल जाव, उनके बांध दिहलन अउर पलिश्तियन द्वारा जान से मारे की खातिर सौंप दिहल जा।



11

लेकिन प्रभु क आत्मा शिमशोन पर उतरल, उ रस्सियन के तूर दिहलन, मरल गदहा में से एगो ताजा जबड़ा क हड्डी उठा के 1000 दुश्मनन के मार डललन।



12

पलिश्तियन क खोज दल शिमशोन के बहुत ढूंढ़लस। एक रात, उ एगो शहर में उनके फँसवलें अउर शहर कीं द्वार के बंद कर दिहलें। लेकिन शिमशोन शहर की फाटकन के अपनी कान्ही पर लेके बाहर निकल गोइलन!



13

लेकिन शिमशोन परमेश्वर की योजना के असफल बना दिहलन। जब तक उ परमेश्वर क बात मनलन तब तक परमेश्वर उनके ताकत दिहलन। एक दिन, शिमशोन, एगो सुंदर पलिश्ती जासूस, दलीला के अपनी ताकत क राज बता दिहलन। सूतला वक्त ओकर आदमी शिमशोन की बाल के काट दिहलन।



14


तब पलिश्ती सैनिक दलीला के सूते वाला कमरा में शिमशोन पर हमला कइलन। शिमशोन कठिन संघर्ष कइलन - पर उनकर ताकत अब जा चुकल रहे। दुश्मन लोग उनकर आँख फोड़ दिहलें।
15


कमजोर अउर आनहर, शिमशोन अब पलिश्तियन क गुलाम बन गोइलन। उ हँसलन सअ अउर परमेश्वर की सेवक क मज़ाक उड़वलन सअ।
16


पलिश्ती लोग एगो दावत रखलन। शिमशोन के अपनी देवता की हांथन में देके, उ सब अपनी मछरी देवता अउर अजगर देवता क बड़ाई कइलन सअ। उ खूब मदिरा पान कइलन सअ अउर अजगर देवता की मन्दिर में आनन्द मनवलन सअ। तब उ फिर से प्रदर्शन करे खातिर शिमशोन के बुलवलन सअ।
17


एगो लड़का शिमशोन के बाहर लिआइल, अउर जेकरी ऊपर मंदिर टिकल रहे ओ मंदिर की खंभन पर झुके दिहलस। उहाँ छत पर 3000 पलिश्ती, अउर मंदिर में बहुत सारा जेवन शिमशोन क मजाक उड़ावत रहलन सअ।
18


शिमशोन क बाल जेल में विकसित होखे लागल रहे। उ प्रार्थना कइलन, "हे परमेश्वर यहोवा, खाली ए बारी हमके ताकत दे दअ, ताकि हम अपनी दूनो आँखन क बदला ले सकीं।"
19


का परमेश्वर शिमशोन के फिर से ताकत दिहन? का शिमशोन फिर से असंभव काम करिहें? हाँ! हाँ! बड़ी शक्ति की साथ शिमशोन ओ मजबूत खंम्भन के गिरा के अलग अलग कर दिहलन। ए अजगर देवता क मन्दिर दुर्घटनाग्रस्त करके खंडहर बना दिहलन, शिमशोन अउर हजारन पलिश्ती ओहि दिन मारल गोइलें!
20

परमेश्वर क शक्तिशाली पुरुष, शिमशोन

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

न्यायियों 13-16

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130



# समापन

14 60



बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16